Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 40 (7389)
26 Сентябрь 2019 сон
Хамиз
sadovoduns@yandex.ru
Багьа 7 гъурущ

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

## Аслияб масъала – районалъул гIадамазул гIумро лъикIлъи



Араб анкьалда «Мой Дагестан – Моя вода» ва «Мой Дагестан – Мои дороги» абураб рамкаялда жанир гIумроялде рахъинарулел республикаялъул инвестиционниял проектал тIура-зариялъул иналъул хал гьабуна районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовас. Гьелда хурхун гьарулел хIалтIаби районалда унелги руго. Унсоколо росу лъедалъун хьезабиялъе ва Шамильхъала поселокалъул жанисел рогIрал хисиялъул хIалтIаби унел руго. Районалъул бетIер жиндирго кумекчи ГI. ГIумархIажиевгун, ЖКХялъул МКУялъул нач. А. ГIабдулхаликъовгун, бакIал раялъул рахъалъ бетIерав специалист ХI-М. ГIабдурахIмановгун, жамгIияб палатаялъул пред М. ГIабдулаевгун, СМИялъул хIалтIухъаби ва хIалтIаби тIуразарулелгун щвана гьел объектазде.

ГIахьалчагIаз бицана хIалтIаби тIуразарулаго дандчIвалел захIмалъабазул, гIенеккана росабазул гIадамазухъ. Жакъа къоялде гьел хIалтIаби тIуразариялъе босун буго хIажатаб оборудование, чIезабун буго хасаб техника, гьедин 7 километраялдаса цIикIараб къадаралда лъун руго трубаби, хIадурун руго лъим жанибе бачIине иццалги.

Шамилхъалаялда къватIазда асфальт тIеялъе хIадурлъиялъул хIалтIаби гьарун руго, гьелъиеги хIажатаб техника чIезабун буго. Къокъго абуни асфальт тIолеб буго.

Районалъул бетIерас кIиябго бакIалда хIалтIулел ахIана цере лъун ругел масъалазул кIварги бичIчIун, районалъул гIадамазул гIумро лъикIлъиялъе гьарулел ишаздехун намус бацIадго ралагьизе.

ДандчIвай

## Моксохъ росдаде кIвар кьезелъун

Араб анкьалда «Унсоколо район» МОялъул бетIер ГI. НурмухIамадовасухъе рачIун рукIана МокIсохъ росдал жамагIаталъул вакилзаби. «Балахьуни сельсовет» гIуцIиялде гьокьобе уна гьеб. ДандчIваялда гIахьаллъана гьеб гIуцIиялъул бетIер У. НурмухIамадов ва рай администрациялъул юрист У. Бартыханова.

ДандчIваялда рицана МокIсохъ росдал захIмалъабазул. Гьелъул гIадамаз тIалаб гьабулеб буго росу демографияб рахъалъ кIодолъун букIинги хIисабалде босун батIаго администрация гIуцIизе, школа гIатIид гьабизе, ясли-ах базе. ГьабсагIаталда росдал школалда цIалул къо унеб буго кIиго сменаги гьабун, классал гIолел гьечIолъиялъ. Гьединго росдал гIадамазул тIалаб буго росулъ медпункт рагьеянги.



Гьезие жаваб гьабулаго ГI. НурмухIамадовас бихьизабуна МокIсохъ медпункт базе проекталде гьоркьобе босун бугин, гьелъие гIарцудалъун кумекги гьабулеб бугин Минсельхозалъ. Гьесго бихьизабуна хутIарал суалал тIураялъеги хIалтIаби гьаризе ругин.

# БетIерасул барки

**ХIурматиял ясли-ахазул тарбия кьолел, ветераназ, школалъул гIумроялде рахинчIел лъай кьеялъул учреждениязул хIалтIухъаби!**

Районалъул администрациялъул, районалъул Собраниялъул депутатазул ва дирго рахъалдасан къабул гьабе ракI-ракIалъ нужер профессионалияб праздник баркун гьабулеб калам!

Бищунго хинал, хIеренал ракIалде щвеял чиясулъ хутIула лъимерлъиялъул хIакъалъулъ. Гьел талихIал ва рохалилал лахIзатаздасан байбихьула щивасул гIумро. Тарбия кьолеллъун рукIин ккола кIудияб кIвар бугеб ва лъикIлъи жаниб гIемераб хIалтIи. Нужер гIакълуялда, кIвар буголъиялда бараб буго щибаб лъимадул букIинесеб гIумро. Нужеца щибаб къоялъ рекIел хинлъи кьола гьезие, щула гьабула гьезулъ цIубараб гIамал хасият, цебетIезабула бажари, махщел - гьунар.

Изну кье ракI – ракIалъ гьелъухъ баркала загьир гьабизе нужер захIматалъухъ, лъимадехун бугеб рокьиялъухъ, гьел куцазе бугеб бажариялъухъ, педагоглъиялъулаб махщалихъ, гьитIичазул щибаб къо талихIаблъун гьабуралъухъ!

РакI – ракIалъ гьарула нужее щулияб сахлъи, талихI, хъизаназда битIккей.

**ГI. НурмухIамадов**
**«Унсоколо район» МОялъул бетIер**

Мактаб

# Лъай кьеялъул гIумроялда

Араб анкьалда районалъул лъай кьеялъул отделалда букIана гIаммаб лъай кьеялъул организациязул директоразул данделъи. Гьеб ана отделалъул нач. Л. МухIамадгIалиевасул нухмалъиялда гъоркь. Данделъиялъул хIалтIулъ гIахьаллъи гьабуна гьесул зам М. ГIабдурахIмановас, ИМЦялъул нач. С. ГIабдурахIмановалъ ва лъай кьеялъул хIалтIухъабаз.

Байбихьуда балагьана 2020 соналда школазда ЕГЭ ва ОГЭ кьеялъе гьабулеб хIадурлъиялъухъ. ХIукму гьабуна щибаб моцIрол ахирисеб хамиз къоялъ гьеб суал гьоркьоб лъун данделъаби ахIизе. Хадуб букIана тIахьал рачIиналъул рикьиялъул ва цIуниялъул хIакъалъулъ суал.

Жиндирго кIалъаялда лъай кьеялъул рахъалъ специалист М-ХI. ГIабдурахIмановас бицана лъай кьеялъул федералияб пачалихъияб стандарталъул, программабазул, дарсил планазул, гьединго тIадчIей гьабуна лъималазул эбел-инсулгун хIалтIи гьабизе ккеялда. КIвар буссинабуна школазда «История Дагестана» «География Дагестана» «КТНД» гIадал предметал кьеялде.



Хадуб бицана школазул методцолъиязул хIалтIул бугеб хIалалъул, гьеб дандбан гIуцIизе цоцазе кумек гьабизе ккеялде кIвар буссинабуна Л. МухIамадгIалиевас. Гьединго гьес школазул директоразе тIадкъай кьуна «Учителасул Къоялъ» мисалияб хIалтIи бугел учительзабазе шапакъатал кьеян. Хадуб цоцазе кьуна суалал, дандрана гIолел – гIоларел рахъал.

**Ахихъан**
Районалъул газета
№ 40 (7389)
26 Сентябрь 2019 сон



Диналъул аслу буго рокьи, иман. Расулюллагьас (с.т.гI.в.) ТIадегIанав Аллагьасда гьарулаан диналде рокьи кьеян: «Я Аллагь, ниж дин бокьулеллъун гьаре ва нижер ракIал иманалдалъун къачIай! Иман гьечIолъи, мутIигIлъунгутIигун мукIурлъунгутIи нижеда рихинаре. Ниж битIараб нух ккураллъун гьаре, Аллагь! – илан. (АхIмад).





# МухIаммад Аварагасул (с.т.гI.в) къо-лъикI гьабиялъул вагIза

## (КантIиялъе сабаблъун батаги)

Россиялъул машгьурав хъвадарухъан, нилъер улкаялъул Хъвадарухъабазул гIуцIиялъул нухмалъиялъул секретарь, шагIир, таржамачи, прозаик, критик Николай Переясловица хъвараб «МухIаммад аварагасул (с.т.гI.в.) къо-лъикI гьабиялъул вагIза» абураб къасидат авар мацIалде буссинабун буго БакIлъулазул мухъалъул ЧIиркъатIа росулъа магIарулазул шагIир Рамазан МухIамадовас. Николай Переяслов вукIана Москваялда тIобитIараб Халкъаз- да гьоркьосеб гIолохъанал хъвадарухъабазул фестивалалда гьал мухъазул авторасул семиналалъул нухмалъулевлъунги. Переяслов ккола гъваридав хъвадарухъан, битIараб рагIи абизе хIинкъуларев чи. Гьес хъвана букъун лъедолеб атомалъул «Курск» гама гъанкъиялъулги цоги кIвар бугел темабаздаги тIахьал. Турциялде щведал, «МухIамад аварагасул (с.т.гI.в.) къо-лъикI гьа- биялъул вагIза», - абураб къасидат хъван буго Переясловица. Гьеб асар магIарул мацIалде таржама гьабун буго аваразул шагIир Рамазан МухIамадовас. РакIалде ккола батIияб диналъул чияс нилъер МухIаммад аварагасул (с.т.гI.в.) ва исламияб диналъул гьабун бугеб хIурматалъ чанги чи кантIизавилилан. Аллагьас тавпикъ кьеги битIараб битIараблъун ва тIекъаб тIекъаблъун бихьизе. Амин!

**ГIизудинил ХIамзат**

### ЦеберагIи

КагIбаялъул къадаз, дунялалъулго
Бусурбаби ахIун ругьунаб бакIалъ,
Джабал мегIералъул гIодоблъиялда
Берцинаб цо авлахъ цIакъ машгьурлъана:
Ва МухIаммадица (с.т.гI.в), хIеж борхизелъун
РачIарал гIадамал дандеги ахIун,
Къо-лъикI гьабиялъул вагIза гьабураб
Жиндир цIар рагIараб хирияб ракьда.
Гьеб гIодоблъиялда данделъаразда
Расулас (с.т.гI.в.) абуна гьале гьадинан:
- Жиндица гьанире рачIанщиназде
Рехселин Аллагьас дуниялалъул
Киналго халкъазде рещтIаралщинал
ТIолго васигатал, тIолго къанунал.
Ва, гьел къокъги гьарун, жузал гIадинал,
Ахирисеб нухалъ нужехъе кьелин
ГIадамазул гIумру лъикIлъизабеян.
Ва гьеб авлахъалда берадза цеве
Вахъун чIун вихьана аза-азар чи,
Ва гьел гIадамазул рикIкIада чIарал
Рихьулел рукIана, тIанкIал киннигин.
Ва МухIаммадида (с.т.гI.в.) цIакъ лъикI бичIчIана
Гьаб къапилаялъул нахъе ккаразда
Жиндир калам кинго рагIулареблъи.
Ва борхараб гьаркьил бетIергьабазда
Абуна нуж чIайин, иргаги гьабун.
Жиндица бицараб жо нахъе кьезе,
Нуж чIайин, цоцазда гьоркьоб манзил тун,
Дир калам цересез нахъе ругезе,
Цоцазухъеги кьун, щвезе гьабизе.
Ва Аварагасул (с.т.гI.в.) щибаб рагIиги
Лъугьана рагIизе ва бичIчIизеги,
Ва гьеб релълъунаан цо гордунисан
Цоги гордуялъуб речIчIулеб чIорда,
Рогьалил гIужалда багIараб бакъалъ
Ракь хинлъизабизе битIараб чIорлъун.
…Жиндирго мадугьал ворчIизавизе
БитIулеб цо хехаб ругьелалдаги.
Сордо рогьанилан, бакъ бакканилан,
РухI бугебщинаб жо тIаде бахъаян,
Къапилаялда тIад наязул тIеллъун
Роржунел рагIаби Аварагасул (с.т.гI.в.)
– Аллагьас ритIарал чапарзабилъун
РекIелъе рештIунел бусурбабазул.

### Рисалат

МухIаммад Аварагас (с.т.гI.в.),ганчIиде тIаде вахун,
Аллагьасе рецц гьабун, кIалъазе байбихьана:
- «Аллагьас нилъ цIунула бачIанщинаб сагIаталъ,
КъватIисан ва жанисан бачIунеб бугониги.
Нилъеда жанисанги раккула гьел балагьал,
Циндаго нилъер гIумру пашманаблъун лъугьуна.
Аллагьас малъараб нух ккун чи унеб мехалда
Лъиданиги кIоларо гьеб нух тезе гьабизе,
Ва лъидаго кIоларо Аллагьас хъвачIеб нухде
Нилъер хIетI ккезабизе, кигIан гьел къеркьаниги.
Аллагь - Гьев тIадегIанав, тIадехун щивго гьечIо,
Дун вуго гьесул чапар ва гьесул лагъги вуго.
Дица абулеб буго: - Нуж руго гьесул лагъзал,
Гьесул малъа-хъвай гIадаб гьуинаб нигIмат гьечIо,
Гьанже нуж киналгоял, гIенекке дир рагIабахъ,
Гьанжеялдаса хадуб, нуж дида рихьуларо.
Бечелъиги, гIумруги, тIолабго дуниялги,
Валлагь, щвезе бегьула, нужее заманаялъ,
Амма гьеб киналъулго бетIергьаби руго нуж,
Доба тIасахун кIалъан, цо хIукму рещтIинегIан,
ТIадегIанав Аллагьас тIалаб гьабизегIанги.
Аллагьас нужедаса тIалаб гьабизе буго
Черхалъ гьабуралъулги рухIалъ гьабуралъулги,
Дица бахчичIогури Рисалат нужедаса,
Дие Аллагь нугI вуго - Аллагьасул васигат
ХисичIого нужехъе щвезе гьабуна дица.

### Зобалазул васигат

КIиабилеб къоялъги
Гьадабго авлахъалде
АхIана аварагас (с.т.гI.в.).
Ва кIиабилеб къоялъ
Кьуна кIиабилеб дарс:
« - ГIадамал, къимат гьабе
ГIумруялъул къоялъ,
Анкьазул ва моцIазул
ГIумруялъул соназул.
Цо лъагIалида жаниб
АнцIила кIиябго моцI
- Гьеб цIакъ лъикI ургъун буго
Биччай гьедин хутIизе.
Биччай щибаб рокъобе
РещтIине хирияб къо.
ГIумру гьединан гIуцIи
КIудияб гIакълу буго.
Нужер лагъзал ратани,
Нужецаго кваналеб,
Квен кьун, кваназе гьаре
- Гьезул бетIергьабиги
Нуж гуро - Аллагь вуго.
Гьесда лъала киналго,
Ва рокьула киналго.
Нужее Аллагь вокье,
Цо къоялъ щуго как бай,
КIал кквe Рамазан моцIалъ,
КIвахIалаллъун рукIунге!
КагIбаялъуб лъун буго
ТIокIаб чIегIераб гамачI
- Хвел тIаде рештIиналде
Щва цо нухалъ гьелъухъе.
Нилъ киназулго руго
Цо эменгин цо эбел,
ХъахIалги чIегIералги
- Нилъ руго гьезул лъимал.
Мун хъахIав ватаниги,
Дов чIегIерав вугони,
Нужей батIалъи гьечIо
Нуж руго цого чагIи.

### ХIасил

Жиндир гIакъилаб калам
Ахиралде щвезелъун,
Аварагас (с.т.гI.в.) абуна:
- Нилъ киналго цо нухалъ
БетIергьанасда цере
Рахъун чIезе кколилан,
Жаваб кьезеги кколин
Жиндица гьабуралъул,
Абураб, бицаралъул.
Дунялалда дур къимат
ТIанкI чIвачIеблъун хутIизе
БитIараб нухдаса мун
Таризе бегьуларо.
КватIичIого дун ина
Нужедаса ватIалъун.
Дица нужее тела
Къуръанги тIарикъатги,
Гьеб кIиялъго битIараб
Нух бихьизе гьабила,
Кумекалъе рачIина
Дир гIумруялъул къоял.
ГIумру гьабизе ккола,
Аллагьасе рецц гьабун.
Дидаса хадуб цоги
ЦIияб дин баккиларо,
Раккила цIияб хIакъги
ГIемерал хIинкъабиги,
Дир кIалъай рагIаразги
Дир калам щвезе гьабе
Гьанире рачIинчIезде!
Биччай дунялалда тIад
ТIибитIизе гьаб хабар!
- Дунялалъул киналго
Халкъазде ва къавмазде
РештIун букIанин ислам!
Рисалаталъул пикру
МухIкан гьабун лъугIидал,
Расул (с.т.гI.в.) сихI къотIун чIана,
Халкъ гIенеккун букIана.
ТIолго гIенеккун чIарал
ГIадамазул каранда,
РакI кьабулеб букIана
ЦохIо чиясул гIадин.



Ахир 4 гьум.

**Николай Переяслов**

Ахихъан
Районалъул газета
№ 40 (7389)
Хамиз
26 Сентябрь 2019 сон

3 гьумер

Садовод

Страница в номере



# Благодарность



Сегодня, 18 сентября, от имени Министра культуры Республики Дагестан Нурмагомедову Исе Магомедовичу - главе муниципального образования «Унцукульский район» вручили Благодарственное письмо «За поддержку народных художественных промыслов и ремесел народов Дагестана и участие мастера Унцукульской насечки металлом по дереву Магомедалиева Магомедали в творческом проекте «Дни народного творчества Дагестана во Франции в рамках развития международной культурной коммуникации Северо – Кавказского федерального округа в 2019году».

Провел вручение начальник отдела культуры - Али Абдулаев.

На вручении также присутствовали заместители главы администрации Магомед Гамзатов и Абдулмуталим Магомедов, начальник финансового отдела – Джамал Шамсудинов, главы сельских поселений Ирганай и Гимры и др.

Прокуратура сообщает:

# Освобождение от наказания по НВФ

Порядок и условия смягчения и освобождения от наказания лиц, добровольно прекративших участие в незаконных вооруженных формированиях и деятельности террористических организаций, как на территории Российской Федерации, так и за ее пределами. Создание незаконных вооруженных формирований (НВФ) является источником терроризма, может быть использовано в политических, национальных, религиозных, других целях. НВФ представляет собой устойчивое объединение значительного числа лиц, оснащенных оружием, с определенной степенью внутренней организованности, с наличием командования и т.д. НВФ могут создаваться для достижения политических, сепаратистских, религиозных и других различных целей. Опасность НВФ состоит в том, что они могут быть использованы для совершения преступлений любой категории, в том числе и особо тяжких террористического характера.

Уголовный кодекс Российской Федерации наряду с уголовной ответственностью за террористическую деятельность предусматривает также освобождение от нее для лиц, добровольно прекративших участие в незаконных вооруженных формированиях, в том числе участвовавших в боевых действиях на стороне международных террористических организаций.

Примечание к статье 205 (террористический акт) УК РФ лицо, участвовавшее в подготовке террористического акта, освобождается от уголовной ответственности, если оно своевременным предупреждением органов власти или иным способом способствовало предотвращению осуществления террористического акта и если в действиях этого лица не содержится иного
состава преступления.

Примечание к статье 205.1. (содействие террористической деятельности) УК РФ: лицо, совершившее преступление, предусмотренное настоящей статьей, освобождается

**Продолжение на 4 стр.**

# Вопросы по соблюдению пожарной безопасности



Начальник государственного пожарного надзора г. Буйнакск, Буйнакского и Унцукульского районов, капитан внутренней службы – Ахмед Тагиров встретился, сегодня 19 сентября, с главой МО «Унцукульский район» - Исой Нурмагомедовым. На встрече присутствовал Джамал Шамсудинов – начальник отдела финансов.

У главы обсуждалось письмо Начальника Главного управления МЧС России по Республике Дагестан, генерал-майора Наримана Казимагомедова, в котором указан план мероприятий по обеспечению пожарной безопасности объектов с массовым пребыванием людей, и который утвержден Правительством РД в 2018 году. Также Главное управление рекомендует при формировании бюджета предусмотреть финансирование мероприятий, направленных на устранение имеющихся нарушений в образовательных учреждениях в соответствии с нормативными правовыми документами в области пожарной безопасности.

# «Надзорно – профилактическая операция Здравоохранение и социальная защита – 2019»

В целях профилактики и недопущения пожаров и последствий от них с 10 сентября по 31 октября 2019 года в г. Буйнакск Буйнакскому и Унцукульскому районам проводится надзорно – профилактическая операция «Надзорно – профилактическая операция Здравоохранение и социальная защита».

Всем известно, что успех борьбы с возникшим пожаром во многом зависит от того, насколько обеспечены объекты пожарным инвентарем и оборудованием. Поэтому в каждом здании обязательно должны быть первичные средства пожаротушения: огнетушители, бочка с водой, ящик с песком, лопаты, ведра. Этот инвентарь должен находится в исправном состоянии и в доступном месте. Первоочередной обязанностью каждого работника при пожаре лечебном учреждении является спасение людей.

В случае возникновения пожара руководитель учреждения, а так же медицинский и обслуживающий персонал лечебного учреждения обязаны: немедленно сообщить о пожаре в ближайшую пожарную охрану, дать сигнал тревоги для местной добровольной пожарной дружины; одновременно принять меры к эвокуации людей из помещений, при этом следует иметь в виду, что детей и тяжелобольных необходимо эвакуировать в первую очередь. Эвакуацию людей надо начинать из того помещения, где возник пожар, а так же из помещений, которым угрожает опастность распространения пожара. Эвакуированные люди направляются в безопасное место.

Противопожарное состояние лечебных учреждений, а так же безопастность находящихся в них людей зависит, прежде всего, от того насколько четко и добросовестно работники этих учреждений соблюдают правила противопожарного режима и умеют быстро и правильно действовать при возникновении пожара.

Телефон доверия ГУ МЧС РФ по РД (8-22) 39-99-99

Отдел надзорной деятельности и профилактической работы №4 УНД и ПР ГУ МЧС России по РД по г. Буйнакск, Буйнакскому и Унцукульскому районам.

# Памятка владельцу гражданского оружия

В последнее время в сети «Интернет» появляются различные видеоролики со стрельбой молодых людей из оружия, особенно во время передвижения в составе свадебных картежей либо перед банкетными залами. Также на территории республики участились случаи применения зарегистрированного гражданского оружия в связи с выяснением различного рода споров и конфликтных ситуаций, возникающих между гражданами, которые в дальнейшем перерастают стрельбу.

Сообщаем, что в случаи неправомерного применения зарегистрированного гражданского оружия, виновные лица будут привлечены к уголовной ответственности согласно действующего законодательства Российской Федерации.

**Центр лицензионно-разрешительной работы Управления Росгвардии по РД**

# МухIаммад аварагасул (с.т.гI.в) къо-лъикI гьабиялъул вагIза

ЧIужуялда кIалъазе ракIалде ккараб мехалъ,
ХIеренал, махI берцинал рагIаби тIаса рище,
Хадуб сайгъаталъе кье меседил рахсал, кIилкIал,
Къаси нужерго рокъоб кье рокьи руччабазе.
Ва гъанситоялъул цIа свине тоге,-ян абе.
Цо-цо мехалъ Аллагьас чIегIерав лагъасеги
КIудияб халкъалда тIад ханлъи кьезе бегьула,
Гьелъие гIураб гIакълу, къуват гьечIонигицин.
Свак лъалареб илбисалъ лъикIал гIадамазулги,
Божи загIиплъарабго, ракIал къосинарула,
Рехун тоге нужеца исламалъул къанунал
- ГьитIинаб ва кIудияб - кIиябго хIакъ бугелъул.
…Дица рехсолел руго Аллагьасул малъиял
Щивасда тIад бугеб зоб роцIцIун букIине бокьун,
РикIкIалъе хIакъалдаса, тIаса бищараб нух ккун
Унел нуж лъиданиги кIоларо нух тун таризаризе.
Кинаб жаваб нужеца кьелеб БетIергьанасе,
Гьикъани дир хIакъалъулъ?
Дуца гIумру гьабураб къагIида щибин? абун.

- У, нужеца абила - дуца нижехъе кьунин
Аллагьасул малъиял,
Аварагасда (с.т.гI.в.) тIадаб тIубазабунин налъи.
Бокьун бугеб куц дие тIегьазе ракьалда тIад,
Исламалъул гIакълуялъ гIезе гьарурал ахал.
Гьарула дагьаб мехалъ сабру гьабейин абун,
Ахиралде щвезегIан гIелму бичIчIизабизе.
ГIайиб ккарав чи вуго жинца такъсир гьабурав,
Васас жаваб кьоларо инсуца гьабуралъухъ,
Инсуца бецIуларо Васас – хIалихьатица
Гьабураб къадараб иш.
ТIолалго бусурбаби
Гьел ккола вацал, яцал,
Цояв цогидасеги
Вуго гьев кумекчилъун.
Чияр бечелъиялде
Бахиллъун, ралагьуге,
Чияца гьабуралъул
Сум кодобе босуге.

Дица гьаб васигатти
БахчичIо нужедаса,
Дир нугIлъун Аллагь вуго
Гьеб нужехъе щвеялъе.
Гьаб ракьалда тIад ислам
ЦIакъ щулаго чIун буго,
Кьурул гIусилан ккола
Ралъдалъан жиб баккараб.
Нужеда тIаде щвани,
Цо кIудияб къварилъи,
КIочене тезе ккола
Биялъухъ рецIел боси.
Къарзалъе гIарац кьоге,
Гъоркь процеталги ккун
Ва чIегIераб тIанкI лъезе
Тоге нужер диналда!

**Николай Переяслов,**
**буссинабуна Рамазан МухIамадовас**

Закон суров но он закон: Прокуратура сообщает

# Освобождение от наказания по НВФ

от уголовной ответственности, если оно своевременным сообщением органам власти или иным образом способствовало предотвращению, либо пресечению преступления, которое оно финансировало и (или) совершению которого содействовало, и если в его действиях не содержится иного состава преступления.

Примечание к статье 205.3. (прохождение обучения в целях осуществления террористической деятельности) УК РФ: лицо, совершившее преступление, предусмотренное настоящей статьей, освобождается от уголовной ответственности, если оно сообщило органам власти о прохождении обучения, заведомо для обучающегося проводимого в целях осуществления террористической деятельности либо совершения одного из преступлений, предусмотренных статьями 205.1, 206, 208, 211, 277, 278, 279 и 360 настоящего Кодекса, способствовало раскрытию совершенного преступления или выявлению других лиц, прошедших такое обучение, осуществлявших, организовавших или финансировавших такое обучение, а также мест его проведения и если в его действиях не содержится иного состава преступления.

Примечание к статье 205.4. (организация террористического сообщества и участие в нем) УК РФ: лицо, добровольно прекратившее участие в террористическом сообществе и сообщившее о его существовании, освобождается от уголовной ответственности, если в его действиях не содержится иного состава преступления. Не может признаваться добровольным прекращение участия в террористическом сообществе в момент или после задержания лица либо в момент или после начала производства в отношении его и заведомо для него следственных либо иных процессуальных действий.

Примечание к статье 205.5. (организация деятельности террористической организации и участие в деятельности такой организации) УК РФ: лицо, добровольно прекратившее участие в деятельности организации, которая в соответствии с законодательством Российской Федерации признана террористической, освобождается от уголовной ответственности, если в его действиях не содержится иного состава преступления. Не может признаваться добровольным прекращение участия в деятельности организации, которая в соответствии с законодательством Российской Федерации признана террористической, в момент или после задержания лица либо в момент или после начала производства в отношении его и заведомо для него следственных либо иных процессуальных действий.

Так, согласно примечанию к ст. 208 УК РФ лицо, впервые совершившее преступление, предусмотренное настоящей статьей, добровольно прекратившее участие в незаконном вооруженном формировании и сдавшее оружие, освобождается от уголовной ответственности, если в его действиях не содержится иного состава преступления (в ред. Федерального закона от 06.07.2016 N 375-ФЗ).

В соответствии с п. 30 постановления Пленума Верховного суда Российской Федерации от 09.02.2012 № 1 «О некоторых вопросах судебной практики по уголовным делам о преступлениях террористической направленности» добровольность прекращения участия в незаконном вооруженном формировании (НВФ) заключается в прекращении участия в этом формировании по собственной воле лица при наличии у него объективной возможности продолжить такое участие.

Под лицами, сдавшими оружие, следует понимать участников незаконных вооруженных формирований, которое сдали органам власти имеющееся у них оружие либо указали места их хранения.

Участник незаконного вооруженного формирования, в силу возложенных на него обязанностей, не обладающих оружием, может быть освобожден от уголовной ответственности на том основании, что он добровольно прекратил участие в незаконном вооруженном формировании и сообщил об этом органам власти.

Таким образом, лицо, которое добровольно прекратило участие в незаконном вооруженном формировании с соблюдением вышеуказанных условий, подлежит освобождению от уголовной ответственности. Освобождению могут подлежать не только рядовые члены незаконных вооруженных формирований, но и их лидеры (организаторы и руководители).

Явка с повинной имеет место, если лицо в устном или письменном виде добровольно сообщило органу, осуществляющему уголовное преследование, о совершенном им или с его участием преступлении. Добровольность сообщения означает, что явка с повинной сделана лицом по собственной инициативе и до того момента, когда ему стало известно о его изобличении в совершении преступления посредством других уже имеющихся в деле доказательств. Добровольность, прежде всего, обеспечивается реализацией права на защиту, в том числе с помощью защитника, разъяснением права не свидетельствовать против себя. Явка с повинной как повод для возбуждения дела имеет смысл только тогда, когда она является первичной информацией о преступлении и, соответственно, влечет начало процессуальных действий. Если уже зарегистрирован другой повод для возбуждения дела (заявление очевидца, рапорт) или, тем более, возбуждено дело, то явка с повинным поводом в смысле ст. ст. 140 и 142 УПК не является.

Явка с повинной – это не только повод для возбуждения дела. Кроме того, это обстоятельство: 1) смягчающее наказание (п. «и» ч. 1 ст. 61 УК); 2) освобождающее от уголовной ответственности в специально предусмотренных УК случаях (например, явка с повинной взяткодателя – см. примечание к ст. 291 УК); 3) учитываемое в пользу избрания более легкой меры пресечения (ст. 99 УПК); 4) свидетельствующее о деятельном раскаянии как основании освобождения от уголовной ответственности (ст. 75 УК; ст. 28 УПК); 5) свидетельствующее о признании своей вины, т.е. обвинительное доказательство. В связи с большим (в том числе уголовно-правовым) значением явки с повинной она должна приниматься и после начала производства по уголовному делу. Признание в совершении преступления, сделанное лицом уже после его задержания, может рассматриваться в качестве смягчающего наказание обстоятельства.

**Заместитель прокурора района**
**Ш.М. Магомедов**


Газета основана 1937 г.
**УЧРЕДИТЕЛЬ:**
**Администрация Унцукульского района**
**Главный редактор**
**КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА**

**Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД**
**Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.**
**Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.**

**Адрес редакции:**
**398940**
**Унцукульский район**
**п. Шамилькала**
**ул. М. Дахадаева 3**
**Телефон редактора**
**89896522856**
**sadovoduns@yandex.ru**
**51373**

Адрес издателя и типографии
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21
Подписано в печать - 25.09.19 г. 16:25
фактически -16:45 мин.
.......................................
Газета выходит 52 раз в год
на аварском и русском языках
Тираж - 1000 экз.